GID TEKNIK SOU TABLISMAN JADEN KAKAWO

USAID | AYITI
ÈD PÈP AMERIKEN

AVANSE
APPUI À LA VALORISATION DU POTENTIEL AGRICOLE NORD
POUR LA SÉCURITÉ ECONOMIQUE ET ENVIRONNEMENTALE

1 DE TI MO POU KÒMANSE

Ti liv sa a se yon Gid Pratik sou fason pou tabli plantasyon kakawo. Li pote bonjan enfòmasyon bay teknisyen ak plantè ki nan pwodiksyon kakawo sou fason pou yo tabli jaden kakawo. Li pote konesans sou tektik pou tabli jaden yo dapre kondisyon klima zòn jaden yo ap fèt, dapre mwayen ak objektif plantè ak dapre kalite plantil kakawo kap plante yo. Nou swete enfòmasyon sa yo ap ede ogmante pwodiksyon kakawo nan peyi a.

Anpil kote ki plante Kakawo toujou asosye kilti sa a ak lòt plant. Lòt plant yo sèvi pou pwoteje pye kakawo ak pou bay lòt rekòt. Men, gen bagay ki ka fè yon jaden kakawo pa byen reyisi. Nan bagay ki ka lakòz anpil plantil mouri apre yo fin plante oubyen ki ka fè ti pye kakawo yo pa byen vini ak byen donnen genyen:

1. Kalite plantil kap plante yo;
2. Kalite tè kote plantasyon an ap fèt;
3. Kantite lonbraj ak solèy ke plantil yo resevwa lè yo fin plante;
4. Dlo oubyen imidite ;
5. Teknik plantasyon an.

I. Kalite plantil kap plante yo

Plantil kakawo yo kapab plantil grefe oubyen pa grefe. Men pou tabli yon jaden kakawo ki pap gen anpil plantil mouri apre plantasyon, kap bay bon rekòt, plantè dwe:

- plante plantil kakwo ki soti nan pye ki byen donnen e ki bay bon kalite kakawo;
- Plante plantil ki byen devlope, byen bèl, ki pa malad, ki pa gen rasin ki twò domaje.(foto 1, 2)

Foto1. Plantil kakawo ki pa grefe

Foto2. Plantil kakawo grefe

II. Kalite tè kote plantasyon an ap fèt

Yon bon tè pou kiltive kakawo gen kalite sa yo :

- Tè a fon pou rasin kakawo yo ka devlope. Kakawo se plant ki gen anpil rasin;(foto 3)
- Tè a pa gen twòp gwo ròch;
- Tè a pap kenbe dlo pandan lontan. Li pa konn rete inonde ;
- Tè a fètil (tè rich). Rasin 1 pye kakawo ki gen 4 mwa (Foto 3)
- Tè a pa twò lou. Li pa kenbe dlo oswa labou pandan lontan apre lapli fin tonbe.

Foto 3. Rasin ti pye kakawo ki gen 4 mwa

III. Kantite lonbraj ak solèy ke plantil yo dwe resevwa lè yo fin plante

Apre plantasyon,plantil kakawo yo bezwen ti solèy pou yo grandi. Men, yo bezwen plis lonbray pase solèy.Kote lapli byen tonbe e ki gen bon tè plantil yo ap bezwen mwatye solèy ak mwatye lonbray. Men kote lapli pa byen tonbe yap bezwen twa ka lonbray. (foto 4)

Sonje: Twòp lonbray ka fè plantil yo manke grandi men twòp solèy ka touye yo.

Foto 4. Bannann ki pare pou bay kakawo lonbray

IV. Dlo oubyen Imidite

Li pi bon pou Kakawo yo plante nan kòmansman sezon lapli. Plantasyon yo ap kòmanse apre tè yo fin byen mouye nan premye lapli yo.

V. Teknik Plantasyon

V.1. Distans plantasyon

Distans plantasyon ki plis itilize pou plante kakawo se 3 x 3mèt, 3 ½ x 3 ½ mèt, , 4 x 4 mèt.

a. Kakawo ki plante 3 X 3 mèt.

Nan distans sa a yon (1) ekta tè ap pran 1111 pye kakawo. Yon kawo tè app ran 1433. Avèk distans saa, pwodiktè ap rekòlte anpil kakawo. Distans sa a bon anpil pou plantil kakawo grefe. Li bon tou pou kakawo ki pa grefe sitou kakawo ibrid ki pa fè gwo pye ak kakawo plantè ap pran swen yo nan fè tay chak ane.

b. Kakawo ki plante nan distans 3 ½ X 3 ½

Distans sa a vini nan mitan 2 lòt yo pou plis espas ant pye kakawo yo. Nan distans sa a yon (1) kawo tè ap pran 1053 pye kakawo.

c. Kakawo ki plante nan distans 4 X 4 mèt.

Yon (1) ekta tè ap pran 625 pye kakawo nan distans 4 x 4 mèt. Yon kawo tè ap pran 806 pye kakawo.Distans sa plis itilize pou plantè ki vle kontinye fè lòt kilti nan tè yo kèk ane apre kakawo fin plante. Li plis itilize nan jaden ke tay pa fèt regilyèman ak nan zòn ki gen bon kondisyon pou kakawo byen devlope.

V.2. Asosayasyon kakawo ak lòt plant

Pi bon fason pou kiltive kakawo se asosye li ak lòt plant oubyen lòt pye bwa. Asosiyasyon an ap bon pou kakawo yo epi yap pèmèt plantè yo jwenn lòt rekòt pou vann oswa pou manje.

Nan plant ki asosye ak kakawo pou bay lonbraj genyen sa kap dire yon ti bout tan (Yo rele abri pwovizwa) ak sa ki dire lontan (yo rele abri definitif). Gen lòt tou ki konn pa dire twò lontan ke yo rele abri entèmedyè. Plant sa yo la pou kontinye bay kakawo yo lonbray lè abri pwovizwa yo soti pandan abri definitif yo poko ka bay bon lonbray.

- Plant abri pwovizwa (foto 5,6)

Pami plant ki plis itilize pou bay lonbray vit pou plante kakawo nou jwenn: Bannann, papay, Malanga, pwa kongo. Plant tankou bannann dwe plante 6 mwa pou pi piti avan kakawo yo pou yo gentan bay bon lonbray. Nan zòn bannann yo pap vini twò byen plante yo 9 mwa ou plis avan kakawo.(foto 6)

Foto 5 Bannan ki poko bay ase lonbray

Foto 6 Bannan ki deja bay ase lonbray

Kilti tankou mayi, malanga ki bay rekòt ak lonbray rapid ka plante kèk jou avan kakawo nan yon jaden kap tabli. Lè sa a dwe gen lòt plant tankou bannann kite deja la kap devlope pou al bay bon lonbray avan mayi yo sèch ou byen lòt kilti yo rekòlte.

Foto 7. Asosyasyon Mayi Bannann kakawo

- **Plant abri definitif (foto 8,9)**

Gen twa kategori pye bwa ki itilize pou pote lonbray definitif nan jaden kakawo. Kategori pye bwa sa yo se:

1. Pye fwi tankou chadèk ak zoranj yo, Kokoye, Zaboka, labapen, elatriye…
2. Lòt Pye bwa ki gen valè tankou : chèn, Kajou venezuela, sèd, elatriye….
3. Pye bwa ki ka refè tè tankou sikren ….
4. Pye bwa tankou glirisidya, benzoliv ka refè tè tou. Yo itilize yo anpil kòm abri entèmedyè.

Foto 8. Kakawo ak abri definitif

Foto 9. Kakawo avèk abri pwovizwa e abri definitif

V.3. Modèl plantasyon

Nou deja wè distans kakawo plante. Abri yo dwe plante nan bon distans pou bay bon lonbray, pou pa anpeche kakawo yo grandi ak donnen.

5. Premye modèl plantasyon

Kakawo ki plante nan menm distans ak bannann (3 X 3mèt). Pye bwa yo plante nan distans 12 - 15 mèt



Chema plantasyon:

Kakawo (●): 3 X3 mèt
Bannann (◊): 3 X3 mèt
Pye bwa (□): 12X12 mèt)

Foto 10 . Kakawo ak bannann ki plante nan menm distans

Lòt kilti tankou Malanga, mayi plante nan distans 50 santimèt rive 1 mèt an asyosyasyon ak kakawo.

6. Dezyèm modèl plantasyon

Kakawo plante nan distans 4 X 4 mèt, Bannann nan distans 2 x 2



7. Plantasyon kakawo nan mòn

Pou pwoteje tè mòn yo kakawo yo ka plante sou koub nivo oubyen nan modèl twa wòch dife

F.oto 11. Plantè kap fè piktaj ak bwa



Chema kakawo plante nan model 3 wòch dife

V.4. Twouezon ak plantasyon

1. Piktaj

Pozisyon twou kakawo, twou bannann ak twou pye bwa yo dwe make avan yo kòmanse fouye pou plantasyon an ka byen fèt. Nap itilize 2 gòl ki longè distans ki separe pye kakawo yo oswa pye banann yo pou nou jwenn pozisyon twou yo. Nap pike yon pikèt nan pozisyon twou yo pou nou ka wè yo lè twou yo ap fouye.(foto 11)

F.12. Teknisyen ak Plantè kap aprann fè piktaj sou kou nivo

2. Gwosè twou pou plante kakawo

Rasin ti plantil kakawo yo bezwen bon tè ki byen soup pou yo grandi. Se pousa twou kakawo yo ap plante dwe byen fouye. Longè ak lajè twou yo dwe rive prèske anba jenou yon Granmoun (30 santimèt).(foto 12)

Lè tou yo ap fouye mete premye kouch tè yo yon bò e tè ki soti anba(nan fon twou yo)yon lòt bò.

Melanje tè kap ranpli twou yo ak konpòs oswa fimye pou plantil yo ka jwenn manje. Melanje tè chak twou ak 2 liv konpòs.

Foto 13. Twou pou plante kakawo.
Yo fè 2 pòsyon ak tè ki soti nan twou-a

3. Plantasyon kakawo

Kèk bagay ki dwe rèspekte nan plantasyon

1. Twou yo ap kòmanse ranpli avan plantil yo mete. Yap kòmanse ranpli ak premye kouch tè ki mete akote a;
2. Retire plantil yo nan sachè yo avèk anpil prekosyon pou mòt tè yo pa kraze;(foto 14, 15)
3. Plantil yo plante dwat ;
4. Lè twou yo fin ranpli byen peze tè yo pou pa kite pòch vid, pou tè yo byen kole ak rasin yo ;(foto 16)
5. Plantil yo ap plante jis nan kòlèt. Kòlèt yo dwe raz ak tè.(foto 17)

Foto 14: Yap retire sachè dèyè ti pye kakawo yap plante

Foto 15 : Sachè fin retire nan dèyè kakawo kap plante

Foto 16: Plantè kap peze tè pou fin plante kakawo

Foto 17: Plantil kakawo rete dwat apre plantasyon

Sonje :

- Li bon pou wouze plantil yo lavèy plantasyon an pou plantil yo ka fre ak pou tè yo pa kraze lè sachè yo ap retire.
- Si rasin plantil yo ta gentan devlope twòp,si yo gentan pèse sachè yo soti deyò, yo tòde anba sachè yo oswa yo rantre nan tè, koupe anba sachè yo pati rasin ki twò devlope oswa ki malad yo avan nou plante plantil yo.

AVANSE se yon pwojè ke USAID finanse.
Opinyon otè yo eksprime nan piblikasyon sa a pa nesesèman reflete opinyon
Ajans Etazini pou Devlopman Entènasyonal (USAID) oswa Gounènman Etazini an.